



Yon rega annaryè sou Istwa Moun Nwa

Chè Nouyòkè,

Lè mwen fè yon rega annaryè sou semèn ki sot pase yo, mwen pa ka santim pi fyè pase sa sou fason nou komemore [Mwa sou Istwa Moun Nwa](#) noumenm nan Lekòl Leta Vil Nouyòk.

Premyèman, nou te fè yon selebrasyon Mwa Istwa Moun Nwa avèk yon santiman pwofon nan biwo santral nou an nan Tweed Courthouse, kote te genyen pèfòmans elèv mizisyen ak ekriyen ki te soti nan Channel View School for Research, Frederick Douglass Academy II, ak Transit Tech CTE High School.

Aprè, semèn sa a, nou lanse nouvo edisyon nan seri [Hidden Voices](#) (Vwa kache) nou an: [Stories of the Global African Diaspora, Volume 1](#) (Istwa dyaspora afriken nan mond lan, volim 1). Seri sa a nou devlope pandan twa dènye ane ki sot pase yo avèk opinyon anpil dirijan entelektyèl ak patnè kominotè yo, drese pwofil moun desandan Afriken ki pote chanjman, pandan yo neglije anpil ladan yo nan prezantasyon istwa tradisyonèl, pou mete aksan sou kokennchenn enpak yo fè sou Etazini ak sou mond lan.

Epi finalman, mwen te kontan sipòte patnè nou yo nan [Koalisyon Plan Aksyon pou Ekite nan Edikasyon](#) (EEAPC), ki fèk anonse yo pral pase nan dezyèm faz pwogram pilòt Kourikoulòm Etid Istwa Moun Nwa y ap monte a. Se yon onè pou nou pou travay avèk EEAPC pandan y ap kreye kourikoulòm sa a.

Mwen kwè tout elèv nou yo merite wè istwa yo ak orijin yo reflekte nan salklas yo, yon kwayans ki anrasinen nan pwòp anfans mwen. Lè m te nan lekòl primè, yon edikatè ekselan ki te rele Ms. Mildred Scott te anseye m sou istwa rich Afrik la ak Afriken Ameriken. Li te mete nan mwen yon gwo sans fyète nan kote zansèt mwen soti—epi nan fèt Hidden Voices la, mwen te menm li yon powèm sou Afrik mwen te ekri lè m te nan klas li!

Atravè seri Hidden Voices la ak kreyasyon Kourikoulòm Etid Istwa Moun Nwa a, elèv atravè vil nou an ap gen aksè nan materyèl salklas ki enspire yo epi ki fè yo santi yo enpòtan. Epi sa ale pi lwen pase Nouyòk. Seri Hidden Voices la disponib pou pwofesè, fanmi, ak distri atravè nasyon an. Nenpòt moun ka telechaje resous sa yo gratis sou weteachnyc.org.

Mwa Istwa Moun Nwa a ap fini, men aprantisaj la fèk kòmanse. Nou di yon gwo mèsè pou estaf ak fanmi nou yo, pou travay yo fè, ni pou nou sonje pase nou, ni pou nou fòme avni nou kòm yon ansanm.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).